

# REZIME PWOSESIS MVP 2.0

Pou Ekip Prensipal MVP 2.0

2025 - 2026



**MVP**  
Municipal Vulnerability  
Preparedness

## Sèvi ak MVP 2.0 pou ...

# Bati rezistans kominotè fas ak chanjman nan klima

Vil ak tout vilaj yo nan tout Massachusetts ap idantifye vulnerabilite klima yo epi ap travay pou konstwi rezistans kominote a. Pwogram MVP 2.0 la elaji sou travay kominote yo te fè jiska prezan epi sipòte kominote yo ak **nouvo metòd, zouti, ak resous pou bati rezistans.**

### Kisa rezistans kominotè a ye?

Rezistans kominotè se kapasite yon kominote pou adrese bezwen moun li yo, katye yo, ekosistèm yo, ak enfrastrikti yo nan konsa pou yo antisipe, fè fas ak yo, ak rebondi pi fò apre risk ki lye ak chanjman nan klima.

Danje yo ka gen ladan gwo chalè, tanpèt, ogmantasyon nivo lanmè, inondasyon, gwo lapli, ak lòt enpak.

Kominote rezilyan yo pa sèlman refè – yo toujou ap amelyore nan diminye enpak risk ki lye ak klima alavni.

Se Biwo Egzekitif Afè Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Executive Office of Environmental Affairs) k ap dirije Pwogram MVP a. Gade [sitwèb MVP](#) pou plis detay.

# Nan MVP 2.0, ou pral:

- Òganize **Ekip prensipal** pou dirije pwoesis MVP 2.0 nan kominote w la
- Jwenn **ankadreman** sou bati rezistans klima, ekite, ak jistis klima
- Revize priyore rezistans kominote w la ak **patisipasyon kominotè a pi laj**
- Travay ansanm pou devlope ak **aplike yon Pwojè Seed** ki bati rezistans kominote a, ak garanti finansman pou aplikasyon l
- Pratike yon pwoesis yo ka repwodui pou **finansman sibvansyon alavni** (Sibvansyon Aksyon MVP)

## Ki moun ki nan ekip prensipal la?

Ekip Prensipal ou a pral gen ladan I apeprè dis moun, ki gen ladan anplwaye minisipal

yo ak Lyezon Kominotè yo. Lyezon Kominotè yo se manm kominote ki gen konekson solid ak Jistik Anviwòmantal oswa lòt popilasyon ki gen priyore yo. Pou ti kominote ki pa gen anplwaye minisipal peye, "anplwaye minisipal" ka gen ladan manm kominote ki souvan jwe yon wòl pèsonèl minisipal.

## Ki sa ki yon Pwojè Seed?

Yon Pwojè Seed se yon pwojè Ekip Prensipal la chwazi ki pral avanse priyore

rezistans kominote a, epi ki ka fini nan 9-10 mwa. Kominote yo pral resevwa \$50,000 pou konplete yon Pwojè Seed.  
(Pwojè rejyonal yo resevwa \$50,000 pou chak kominote.)

## Konsèp debaz #1

# Popilasyon Jistis Anviwònmantal

Jistis anviwònmantal rekonèt gen kèk gwoup moun ki te gen aksè a mwens benefis anviwònmantal pandan yo ekspose a pi gwo domaj anviwònmantal, akòz diskriminasyon rasyal, diferans ekonomik, oswa izolasyon akoz lang. Nan Commonwealth Massachusetts la, Popilasyon Jistis Anviwònmantal yo se zòn jewografik espesifik ki satisfè youn oswa plis kritè ki baze sou ras, revni, oswa lang yo pale.

Vizite [Kat JE Massachusetts](#) pou wè katye JA yo nan kominote w, rejyon w, oswa eta a.

## Konsèp debaz #2

# Popilasyon ki gen priyorite yo

Popilasyon priyorite yo se moun oswa kominote ki ka afekte yon fason demezire pa chanjman nan klima akòz sikontans lavi ki ogmante ekspozisyon yo a danje klima oswa fè li pi difisil pou reponn ak sa. Anplis faktè ki kontribye nan estati Jistis Anviwònmantal (sètadi, revni, ras, ak lang), lòt faktè tankou kapasite fizik, aksè nan transpò, sante, ak laj ka endike si yon moun oswa kominote yo pral afekte yon fason demezire pa chanjman nan klima. Sa a motive pa yon seri bagay ki kache tankou diskriminasyon rasyal, diferans ekonomik, oswa baryè aksè ki kreye vilnerabilite.

Tèm popilasyon priyorite a rekonèt ke bezwen moun ki gen eksperyans ak ekspètiz sa yo dwe jwenn priyorite lè y ap devlope solisyon rezilyans pou diminye vilnerabilite nan chanjman klima. **Tout minisipalite yo gen popilasyon priyorite menm si yo pa gen kat yon jistis anviwònmantal.**

# Apèsi sou Pwosesis la



**Faz 1** (5 mwa)

## Devlope yon Ekip Prensipal

- (1) Kòmanse konstwi ekip ou a
- (2) Idantifye eksperyans moun te viv
- (3) Rekritman rès ekip ou a

**Faz 2** (6 mwa)

## Revize Priyorite Rezilyans yo

- (4) Demare kolaborasyon
- (5) Dekouvri rezilyans sosyal
- (6) Revize Priyorite Rezilyans yo

**Faz 3** (13 mwa)

## Mete sou pye yon pwojè Seed

- (7) Chwazi yon Pwojè Seed
- (8) Devlope yon Plan Aplikasyon
- (9) Mete sou pye yon pwojè Seed
- (10) Reflechi, Ajiste, ak Pwochen Etap yo

# Kiyès ki enplike?

Anba la a se yon repatisyon diferan wòl yo. **Wòl yo nan kare zoranj la se moun ki fòme Ekip prensipal ou.** Tout lòt moun sipòte Ekip prensipal la.

**Manadjè Pwojè Minisipal** - Sa a se anplwaye minisipal la ki ede dirije pwojè a. Yo pral travay kole kole ak Founisè Planifikasyon an ak Patnè Ekite a pou sipòte pwosesis la epi kowòdone lojistik bò kote minisipalite.

**Manm Ekip prensipal Minisipal yo** - Sa yo se manm pèsonèl minisipal yo nan Ekip prensipal la. Li bon pou gen anplwaye ki kominike regilyèman ak kominote a. Pou ti minisipalite yo, manm ekip sa yo ka volontè minisipal yo. Volontè minisipal yo ka rekonpanse atravè finansman sibvansyon.

**Manm Ekip presipal Lyezon Kominotè** - Lyezon Kominotè yo se manm Ekip prensipal ki gen koneksyon solid ak Jistis Anviwòmnatal ak lòt popilasyon ki gen priyорite nan kominote w la oswa rejon w la epi ki ka ede dirije oswa fasilité kontak ak kominote sa yo. Lyezon Kominotè yo jwenn rekonpans pou tan yo ak finansman sibvansyon.

**Patnè Ekite** - Chak minisipalite oswa rejon nan Pwogram MVP 2.0 la asosye ak yon Patnè Ekite. Patnè Ekite a ede bay fòmasyon ak konsèy sou bagay tankou angajman enklizif ak kijan pou mezire enpak ekite pwojè yo.

**Founisè planifikasyon** - Chak minisipalite oswa rejon pral anboche yon Founisè Planifikasyon nan Etap 1. Founisè Planifikasyon an se pral manadjè pwojè a pou etap 2-8 (iska aplikasyon Pwojè Seed la). Founisè Planifikasyon an pral fasilite diskisyon, kowòdone lojistik, ak sipèvize finisyon rezulta yo prevwa yo.

---

**Konseye espesyalize** - Ekip prensipal yo ka pote yon Konseye espesyalize pou Etap 8 pou ede bay konsèy sou Plan Aplikasyon Pwojè Seed yo. Gen yon ti pòsyon nan finansman sibvansyon yo asiyen pou sipòte yon Konseye espesyalize.

**Founisè aplikasyon** - Founisè aplikasyon an se moun oswa ekip minisipalite a pral anboche pou aplike Pwojè Seed yo nan Etap 9

---

**Kowòdonatè Rejyonal MVP** - Kowòdonatè Rejyonal MVP yo (RC) se anplwaye Leta ki ka reponn kesyon epi bay sipò sou pakou a.

### Konsèp debaz #3

## Volonte pou mete ekite o sant

Pwosesis MVP 2.0 la santre ekite nan bati rezistans kominote a. Santre ekite vle di prete atansyon espesifik, menm pi gwo, sou bezwen moun ki pral plis afekte pa chanjman nan klima epi asire rezulta yo benefisyé kominote sa yo dirèkteman. Pou yo mete ekite o sant, se moun ki pral pi afekte pa enpak chanjman nan klima ki dwe ki bay enfliyanse, enfòme, oswa dirije desizyon ki gen rapò ak sa ki nesesè pou bati rezistans. Gade paj 4 pou konsidere ki moun ki ka plis afekte pa chanjman nan klima nan kominote w la.

Lè nou desine solisyon pou "tout manm kominote a" san nou pa reflechi sou fason solisyon an pral benefisyé oswa diminye domaj pou moun ki pi afekte pa enpak klima yo, nou souvan fini pa ranfòse inegalite ak vilnerabilite nan kominote nou yo. Santre ekite esansyèl pou kreye kominote ki pi fò ak pi rezistan.

### Konsèp debaz #4

## Eksperyans moun te viv

Eksperyans moun te viv fè referans ak eksperyans dirèk, pèsonèl ou pa jwenn nan yon klas oswa yon liv. Li gen ladan konesans ak ekspètiz sou pwoblèm, bezwen, ak estrateji potansyèl pou defi espesifik yo jwenn nan eksperyans lavi chak jou – keseswa ak pwoblèm lojman, pwoblèm manje, aksè limite nan swen sante, baryè lang, baryè transpò, oswa eksperyans ak fòm inegalite oswa inaksesibilite, pa egzanp. Eksperyans moun te viv gen ladan konesans istorik, eksperyans sou-tèren an, ak pèspektiv pètinan ki enpòtan pou enfòme solisyon kominote ki rezilyan.

# Faz 1

# Devlope yon Ekip Prensipal

**Nan faz sa a, ou pral fòme  
yon ekip ki pral travay  
ansanm pou ranfòse  
rezistans kominote a nan  
vil, vil, oswa rejyon w lan.**

**Faz sa a pran apeprè 5 mwa  
(mwa 1-5 nan pwoesis la).**

## Etap 1 Kòmanse konstwi ekip ou a

**Dire:** 1-2 mwa

Nan Etap 1, Manadjè Pwojè Minisipal ou a rekrite anplwaye minisipal pou yo rantre nan Ekip prensipal la. Si kominote w la piti anpil, yo ka gen ladan volontè minisipal (yo ka peye pou patisipe nan pwojè sa a). Manadjè Pwojè Minisipal ou an anboche tou yon Founisè Planifikasyon (yon konsiltan) pou sipòte pwoesis la.

Si w se yon  
mann yon  
Ekip prensipal  
**mnnisipal**,  
se lè sa a ou  
pral rantre nan  
pwoesis la!

## Etap 2 Idantifye eksperyans moun te viv

**Dire:** 1 mwa

Nan Etap 2, manm Ekip prensipal minisipal yo fouye done kominote a pou pi byen konprann ki moun k ap viv ak travay nan kominote yo, epi ki moun ki pral pi afekte pa chanjman nan klima. Nan kad pwoesis sa a, yo idantifye ki pèspektiv ki pral enpòtan pou yo mete sou Ekip Prensipal la kòm Lyezon Kominotè.

## Etap 3 Rekritman rès ekip ou a

**Dire:** 2 mwa

Manm Ekip prensipal minisipal yo pral idantifye ak rekrite Lyezon Kominotè pou Ekip prensipal la. Gen kèk apwòch ki ka gen ladan afiche yon deskripsiyon travay, antre an kontak ak òganizasyon kominotè lokal yo, ak pale ak moun nan espasiblik kote moun nan kominote w la rasanble. Patnè Ekite ekip ou a pral ede ekip la, epi asire ke tout moun gen sipò yo bezwen pou patisipe nan pwoesis la. Anvan w kontinye, pran yon moman pou fè yon Rankont kòm yon ekip konplè!

Si w se yon  
mann yon  
Ekip prensipal  
**Lyezon**  
**kominotè**, se  
lè sa a ou pral  
rantre nan  
pwoesis la!

## Faz 2

# Revize Priyorite Rezistans yo

**Nan faz sa a, ou pral mennen  
ankèt sou faktè ki kontribye  
nan vilnerabilite oswa  
rezistans pou moun nan  
kominote w la. Apre sa, w  
ap itilize rezulta w yo pou  
mete ajou priyorite rezistans  
kominote w la.**

**Faz sa a pran apeprè 6 mwa  
(mwa 6-11 nan pwoesis la).**

## Etap 4 Demare kolaborasyon

### Dire: 1 mwa

Nan Etap 4, Ekip prensipal la fè kèk nan aktivite ranfòsman ekip. Objektif la se aprann plis sou pwoesis MVP 2.0 la, aprann youn sou lòt, ak batì yon fondasyon pou travay ansanm kòm yon ekip. Se founisè planifikasyon w ak patnè ekite ki pral facilite aktivite sa yo.

## Etap 5 Dekouvri rezistans sosyal

### Dire: 3 mwa

Kòm yon ekip, apre sa a, ou kòmanse envestige faktè ki kontribye nan vilnerabilite oswa rezilyans pou moun nan kominote w la. Ou pral itilize "Plan aksyon rezistans sosyal," sa ki poze kesyon oryantasyon sou sijè tankou lojman, transpò, ak manje ak dlo. Pou kòmanse ou pral ranpli enfòmasyon lè w sèvi avèk done kominote ak klima ak konesans ekip. Apre sa, w ap planifye ak aplike aktivite sansibilizasyon ak angajman kominote a pou rasanble plis enfòmasyon nan kominote a. Patnè ekite w la pral bay fòmasyon sou fason pou w reflechi sou ekite klimatik nan kominote w la ak angajman enklizif.

## Etap 6 Revize Priyorite Rezistans yo

### Dire: 2 mwa

Vil ou a idantifye priyorite rezistans kominotè pandan pwoesis planifikasyon MVP 1.0 la (petèt sa gen 5 ane). Objektif ou pou Etap 6 se revize priyorite sa yo, epi mete yo ajou sou baz nouvo enfòmasyon ou te rasanble sou sa ki pral nesesè pou konstwi rezistans nan kominote w la. Lè sa a, ou pral kontakte kominote a pou ranmase fidbak sou priyorite yo mete ajou epi ajiste yo si sa nesesè.

# Faz 3

## Mete sou pye yon pwojè Seed

Nan faz sa a, ou pral  
idantifye, devlope, ak aplike  
yon Pwojè Seed ki pral  
avanse priyorite rezistans  
kominote w la.

Faz sa a pran apeprè 13 mwa  
(mwa 12-24 nan pwosesis la).

### Etap 7 Chwazi yon Pwojè Seed

#### Dire: 1 mwa

Nan Etap 7, Ekip Prensipal la idantifye youn a twa lide potansyèl Pwojè Seed ki ka sipòte priyorite rezistans yo. Tcheke dokiman estrateji Rezilyans Klima Minisipal la (prentan 2025 k ap vini) ak Aksyon pou Konsi ak Etid Ka nan GEAR la pou jwenn lide. Apre sa, ou pral kontakte kominate a pou ranmase fidbak sou lide potansyèl Pwojè Seed yo epi chwazi youn pou avanse pou pi devan ak li.

### Etap 8 Devlope yon Plan Aplikasyon

#### Dire: 1 mwa

Antanke yon ekip, ou pral devlope yon plan aplikasyon pou Pwojè Seed ou a. Patnè Ekite w la pral bay fòmasyon sou fason pou mezire enpak ekite pwojè yo. Gen yon ti pòsyon finansman pou mennen yon Konseye espesyalize pou ede bay konsèy sou devlopman pwojè w la. Anvan w kòmanse Etap 9, Manadjè Pwojè Minisipal ou a pral dirije pwosesis pou anboche yon Founisè aplikasyon pou aplike Pwojè Seed la.

### Etap 9 Aplike yon Pwojè seed

#### Dire: 10 mwa

Nan Etap 9, ou pral aplike Pwojè Seed ou! Ekip Prensipal la pral travay avèk Founisè Aplikasyon an pou aplike pwojè a pandan apeprè 9-10 mwa.

### Etap 10 Reflechi, Ajiste, Pwochen Etap yo

#### Dire: 1 mwa

Finalman, ou pral reflechi sou sa ki te mache byen ak sa w ta fè yon fason diferan pou pwojè rezilyans alavn! Selebre tout sa w te akonpli, epi konsidere ki lòt pwojè ou ta ka pouswiv atravè finansman sibvansyon èd la.

# MVP 2.0

[resilient.mass.gov/mvp](http://resilient.mass.gov/mvp)